



Paran/responsab:

Pwogram evalyasyon je: Pwogram vizyon Nouyòk Helen Keller International la ap fèt nan lekòl pitit ou a mwa sa a. Pwogram Vizyon Nouyòk la fonksyone nan lekòl yo pou ofri sèvis je pou timoun ki nan klas yo vize yo. Evalyasyon je sa a pa ranplase nesosite pou fè yon egzamen je ki pi konplè.

Si w pa vle pitit ou patisipe nan pwogram sa a, tanpri siyen pi ba a epi voye l tounen nan lekòl la. Si w gen nenpòt enkyetid oswa kesyon, tanpri kontakte lekòl la.

Pwosesis pou evalyasyon je a: Pwogram egzamen je a gen ladan sèvis sa yo:

1. Ekip New York Vision Program lan ap fè premye egzamen je pou tcheke kapasite elèv la pou l wè pre ak lwen. Pifò elèv ap pase evalyasyon sa a.
2. Doktè je ap fè evalyasyon vizyon: Pou elèv premye evalyasyon an montre yo gen pwoblèm, yon doktè ap fè yon lòt evalyasyon pou detèmine si timoun lan bezwen linèt ak/oswa si li bezwen yon evalyasyon konplè.
3. Linèt: Si yon elèv bezwen linèt, y ap ba li yonn. Chwa ak distribisyon linèt yo ap fèt nan lekòl la.
4. Rekòmandasyon pou egzamen je: Si pitit ou a bezwen yon egzamen je ki pi konplè, w ap resevwa yon avi ki fè konn sa. Si w pa gen yon doktè je, nou ankouraje w kontakte konpayi asirans ou an oswa plan sante w la pou jwenn yon doktè ki aksepte plan w lan. N ap bay tou non doktè ki nan zòn ou an.
5. Dosye sèvis: Biwo sante lekòl (school health office) pral gen yon kopi rezilta evalyasyon je pitit ou a.

Avi pou paran/responsab: Y ap fè w konnen si pitit ou a ap resevwa linèt ak/oswa si li bezwen ale wè yon doktè bò lakay ou pou fè yon egzamen je. Nou ankouraje w rete enfòm sou sante je ak vizyon pitit ou a.

Enfòmasyon moun pou kontakte: Kontakte Francis Gipaya, espesyalis program lan, nan fgipaya@hki.org oswa nan 646-472-0331 pou plis enfòmasyon oswa si w gen nenpòt kesyon.

Abandon dwa reklamasyon: Si w pa siyen pi ba a sa vle di ou bay pèmisyon pou pitit ou a patisipe nan pwogram New York Vision Program epi ou aksepte pou **abandone dwa pou fè reklamasyon sa a**. Men kondisyon abandon dwa reklamasyon an Ou okouran doktè je a pral fè yon evalyasyon je ki limite epi se pa yon egzamen je konplè. Egzamen refraktif limite sa a pa egzamine andedan je a. Sèl objektif evalyasyon sa a se pou konnen si pitit ou a bezwen linèt. An konsekans, ou dakò ni doktè je a ni HKI pa responsab pou okenn domaj oswa chòk ki se rezilta kondisyon je ke yo pa detekte nan evalyasyon an piske egzamen sa a pa konplè.

Voye fòm lan tounen si w pa vle pitit ou a patisipe:

Mwen **pa** bay pèmisyon pou pitit mwen an _____ patisipe nan New Vision Program. (Non elèv la)

Siyati paran

Nimewo telefòn

Imèl

Dat